



Adolesan: Jere Medikaman San Danje

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Yon pati enpòtan nan jere swen sante w se konnen ki medikaman w ap pran ak poukisa w ap pran yo. Men kèk kesyon ou ka poze ak bagay ou ta dwe di ekip swen sante w la pou w ka pi byen konprann medikaman w yo.

Lè yo preskri w medikaman:

- **Poze** moun k ap ba w swen an kesyon annapre yo-
 - Poukisa mwen bezwen medikaman sa a? Kijan li pral ede m?
 - Èske gen enfòmasyon alekri ki disponib sou medikaman an?
 - Kisa medikaman an sanble? Èske se yon likid oswa yon konprime?
 - Kijan pou m pran medikaman sa a? Ou ta dwe kapab repete enstriksyon yo pou founisè swen an (yo ka mande w pou ou "Anseye yo an Retou" pou yo).
 - Ki efè segondè ou ta dwe veye?
- **Di** moun k ap ba w swen an-
 - Konsènan alèji ak reyaksyon ak nenpòt medikaman ou te konn pran lontan.
 - Si w pa konprann yon bagay oswa si w gen kesyon.
 - Si pitit ou a gen pwoblèm pou vale (pafwa medikaman an vini an likid oswa yo ka bay li yon lòt jan).

Lè w jwenn medikaman an:

- Verifye non w sou etikèt la, non kòrèk medikaman an, kantite a, ak enstriksyon yo pou asire w ke li koresponn ak sa founisè swen an te preskri a.
- Toujou mande founisè swen w lan oswa famasyen an si w ka koupe, kraze, oswa mete medikaman yo nan manje. Kèk medikaman ka pa bay rezilta oswa ka danjere si yo koupe oswa kraze.
- Pran medikaman an egzakteman jan yo preskri li a. Kontakte founisè swen w lan touswit si gen nenpòt bagay ki anpeche w pran medikaman w lan jan yo te preskri a.

Nan vizit ou yo:

- Toujou pote yon lis tout medikaman w ap pran yo. Ou ka konsève yon lis sou telefòn ou, fè foto etikèt preskripsyon an(yo), oswa itilize yon aplikasyon pou swiv medikaman.
- Fè doktè w la(yo) konnen si w pa t kapab pran okenn nan medikaman w yo jan yo te preskri a. Y ap vle ede w rezoud pwoblèm, eksplòre altènativ potansyèl, epi diskite sou pwochen etap yo.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak medikaman.